# Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- budaan yëkkati ndingam jóge ca rukoo ba da daan wax: «samihal Laahu liman hamidahu

Jële nañu ci Ibn Abii Awfaa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- budaan yëkkati ndingam jóge ca rukoo ba da daan wax: «samihal Laahu liman hamidahu, Allaahumma Rabbanaa lakal hamdu, mil-as samaawaati wa mil-al ardi wa mil-a maa sita min say-in bahdu».
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan yëkkati ndingam jóge ca rukoo ba ci julli gi, day wax: "samihal Laahu liman hamidahu", maanaam: ku sant Yàlla mu kawe mi, Yàlla dana ko wuyu nangul ko cantam ak taggam, topp mu sant Yàlla ci wax: "Allaahumma Rabbanaa lakal hamdu, mil-as samaawaati wa mil-al ardi, wa mil-a maa sita min say-in bahdu", cant gu fees asamaan yi ak suuf yi ak li ci séen diggante, tey fees lépp lu soob Yàlla.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee